шаклнинг симдан ишланган нусхасини қўйиб ёш рассомларга чизиқли конструктив тузилиши, перспектива қонун-қоидаларини осонликча ўрганишларида ёрдам берган. Синч усули ёрдамида тасвирлаш турли геометрик ҳамда бошқа шаклларни (куб, цилиндр, конус, призма ва бошқалар) буюм текислигидаги таянч нуқталарини, перспектива асосларини ҳамда фазовий ҳолатларини аниқлашда катта ёрдам беради.

Бўлажак тасвирий санъат ўқитувчисини касбий тайёрлаш ва унга бадиий маълумот беришда борлиқни ҳаққоний тасвирлаш муҳим ҳисобланади. Борлиқдаги буюм ва шаклларни ўзига қараб амалий жиҳатдан ҳаққоний тарзда тасвирлаш талабаларга амалий билимларни берибгина қолмай, балки уларнинг умумий дунёқарашларини ўстиради. Ҳаққоний расм чизиш санъати, борлиқни ҳаққоний образларда тасвирлаш маҳоратини ривожлантиришни ўз олдига мақсад қилиб қўяди. Расм чизишни ўрганиш талабаларга атрофдаги жисмларнинг ҳажмини ҳаққоний тасвирлаш билан бирга, уларнинг эстетик дидларини ўстиришда катта аҳамиятга эга. Расм чизиш асосларини ўрганиш, нарсанинг ўзига қараб босқичма-босқич тарзда тасвирлаш тамойилида қурилгандир.

Бўлажак тасвирий санъат ўқитувчисининг етук малакага эга бўлишида нафақат тасвирлаш санъатининг назарий асослари бўйича тайёргарлигининг пухталилига, балки, амалий машқ бажариш кўникмаларнинг юқори даражада ўзлаштирилганлигига ҳам боғлиқ.

Бўлажак тасвирий санъат ўқитувчиси учун қуйидаги асосий қонунларни ўрганишни мақсад қилиб қўйилади:

1. Тасвирлашда чизиқли конструктивнинг қуришнинг назарий асосларидан фойдаланиш.
2. Шакл композицияси ва унинг усулларидан кенг фойдаланиш методикаси.
3. Буюм ва шаклларнинг ўзаро нисбатлари уларнинг тузилиши.
4. Шаклларнинг перспектив тузилиши ҳақидаги қонунлари.
5. Бажарилаётган тасвирдаги ёруғ ва сояларнинг қонуниятлари.
6. Тасвирни методик изчилликда тўғри бажариш.

Ушбу билимлар бўлажак ўқитувчи-рассомнинг олийгоҳни тугатгандан сўнг, педагогик ва ижодий иш жараёнида ҳам катта аҳамиятга эга. Шунингдек, мазкур кўникма ва малакалар талабанинг олий ва ўрта ўқув юртида билим олиш давомида ўқув машқларини амалий жиҳатдан бажариш орқали ривожланади ва такомиллашиб боради.

Хулоса ўрнида шуларни таъкидлаш жоизки, тасвирий санъатда етук асарларни яратиш рассомдан катта кузатувчанлик, нарсанинг ўзига қараб амалий жиҳатдан ишлаш малакаларини, шу соҳада қўлланиладиган қонун ва қоидаларга риоя қилган ҳолда, албатта қалам билан ишлашдаги маҳорат ва тажрибани талаб қилади. Буларнинг барчасига эришиш учун шаклларнинг тузилиши, уларнинг тасвирлаш воситаларида ишлаш йўлларини пухта эгаллаш учун эса амалий билим ва тажрибани орттириш керак бўлади. Бунинг учун эса, талаба узлуксиз равишда амалий машқлар қилиб бориши керак. Фақат шундагина у етарли маҳорат ва билимларга эга бўлади ва мамлакатимизнинг тасвирий санъатини ривожлантиришда улкан натижаларга эришиши мумкин.

**Адабиётлар**

1. Бирлашган Миллатлар Ташкилотининг "XXI асрнинг Олий таълими" Бутунжаҳон декларацияси (1998 й.), ЮНЕСКО нинг "Олий таълимни ислоҳ қилиш ва ривожлантириш" дастурий хужжати (1995 || CEFR. Leanihg, teaching, assessment. Language Policy Uhit, Strasbau,g **www.coe/lang-CEFR**

2.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги "Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида"ги ПФ-4947 – сон Фармони.

3.Байметов Б. "Қаламтасвир" педагогика олий ўқув юртлари учун дарслик. -Т.: "Мусиқа" 2006.

4.Байметов Б.Б., Толипов М. Пластик анатомия. Ўқув қўлланма. –Т.: «Илм зиё», 2007.

5.Baymetov B.B., Muratov K.K. Self Sketches as a Tool in the Professional Training of a Future Artist-Teacher. Vol.63. No. 2, (2020) @ www.solidstatetechnology.us

6.Байметов Б. История развития изобразительного искусства Узбекистана. Наука, образование и культура. –Москва: 2016. – С. 19-23.

7.Ростовцев Н.Н. Академический рисунок. -М.: 1984.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада бўлажак тасвирий санъат ўқитувчиларини касбий тайёрлашда назарий ва амалий билимларнинг уйғунлиги, тасвирий санъатнинг асоси бўлган қаламтасвирнинг назарий ва амалий машқлар бажаришнинг аҳамияти хақида ишлаш жараёнида сўз боради. Талабаларга натурага қараб тасвирлаш бўйича амалий маслаҳатлар берилади.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена одной из актуальной теме о подготовке будущего педагога художника, о роли научных знаний и практических навыков в педагогическом рисовании. Приводятся практические советы по выполнению учебных постановок.

**SUMMARY**

The article is devoted to one of the topical issues of training the future art teacher, the role of scientific knowledge and practical skills in pedagogical drawing. Practical advice is presented about the implementation of educational productions.

# NAǴIS ELEMENTLERIN SIZIP ÚYRETIW USÍLLARÍ

**M.A.Amanbaev –** *úlken oqıtıwshı*
**G.Y.Smaylova –** *oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** naqsh, milliylik, rang, kolorit, oʻquvchi, naqqoshlik.
**Ключевые слова:** узор, национальность, цвет, колорит, ученик, орнамент.
**Key words:** pattern, nationality, color, coloring, student, ornament.

Búgingi kúnde mámleketimizde barlıq tarawlarda ámelge asırılıp atırǵan reformalar elimizdiń jańa rawajlanıw basqıshına ótiwine, xalqımızdıń páráwan jasawına tiykar jaratpaqta. Mámleketimizde eń áhmiyetli wazıypalardıń biri jámiyet aǵzaların, sonıń ishinde eń aldı menen jas áwladtı kamalǵa keltiriw, olardıń júreginde milliy ideyanı, óz watanına sadıqlıq sezimlerin oyatıw, ózligin ańlaw, milliy hám ulıwma mádeniy qádiriyatlar ruwxında tárbiyalawdan ibarat. Insan sanasın, dúnyaǵa bolǵan kóz qarasın ózgertpey turıp, jámiyette júrgizilip atırǵan reformalardan gózlengen maqsetke erisiw qıyın boladı. Sonlıqtan da elimizde keleshegimiz bolǵan jas áwladtı milliy ideya tiykarında milliy, ruwxıy tárbiya beriw hám olardı watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalaw ayrıqsha áhmiyetke iye. Sonday-aq, gózzallıq sırların úyreńiw arqalı insanlarǵa tiyisli jaqsı páziylet keleshekke jetelew hám jaslardı estetikalıq hám ruxıy kamalǵa jetkeriw, olarǵa hár tárepleme ruwxıy azıq beriwde naǵısshılıq óneri, aǵashqa naǵıs oyıw boyinsha shınıǵıwlar talabalarda ruwxıy aǵartırıwshılıqtıń ajıralmas

bir bólegi esaplanǵan kórkem xalıq ámeliy ónerin hám ádep-ikramlılıqtı rawajlandırıwǵa xızmet etedi.

Xalıq dóretpesi bala tárbiyasında áhmiyetli orındı iyeleydi. Keleshek áwladtı kórkem óner sezimtallıǵı jaǵınan bay, óziniń pikirin erkin ayta alatuǵın, bilimli, miynet súygish etip tárbiyalawda xalıq ónermentshiligi áhmiyetli orındı tutadı. Talabalardı naǵıs salıw usıl hám metodları menen tanıstırıw boyınsha qaraqalpaq xalıq naǵısınıń keń tarqalǵan elementleri atların aytıp beriw, oqıw materialların ózlestiriwdi ańsatlastıradı hám naǵıs kompoziciyaların dúziwde oqıwshılardıń dóretiwshilik qábiletlerin bekkemlew nátiyjeligin asıradı. Olardı ulıwma qabıl qılınǵan óner túsinik terminleri, kórkem obraz, kompoziciya, kolorit túsinikleri menen tanıstırıwda usı termin hám túsiniklerdi jámlestirip, úyretip barıw kerek. Dáslepki shınıǵıwlar naǵıs elementlerin sızıwdan baslanadı. Talabalar barlıq naǵıs elementlerin bir neshe ret qayta-qayta sızıp úyrenip bolǵannan soń, olar qıl qálem menen sızıp úyrenedi. Mine usı basqıshta qıl qálemdi qolda qalay uslaw kerekligi, tuwrı sızıq hám iyrek sızıqlar sızıw jolları úyretiledi. Qoldı isletiwde tómendegi qaǵıydalardı bilip alıw kerek. Stol janında tirsek hám kókirek penen tayanbay erkin otırıw, gewdeni stoldan belgili aralıqta tutıw kerek. Qıl qálemdi eki barmaq, bas hám kórsetkish barmaqlar menen uslaw kerek. Qoldı usınday jaǵdayda tutıw barmaqlardıń erkin háreketleniwin táminleydi. Kerekli tájiriybe hám uqıplılıq túrli shınıǵıwlar islew arqalı rawajlanıp baradı. Demek, uqıplılıq jumıs barısında rawajlanadı, bekkemlenedi hám belgili dárejede avtomatlasadı. Qol barmaqları júdá erkin háreketlenetuǵın bolıwı kerek. Talaba qolındaǵı qıl qálem barlıq waqıtta hárekette bolıwı kerek. Teoriyalıq alǵan bilimlerin kónlikpe hám uqıplılıqlardı mine usı basqıshında úlgilerden nusqalar kóshiriw usılın qollaw maqsetke muwapıq boladı. Talaba úlgige qarap sızıwda naǵıstıń dúzilisi, onı tegislikte súwretlew nızamların ózlestiriwi kerek, sonda, onıń bunnan aldıńǵı isleriniń hámmesi avtomatlasıw dárejesine jetken bolıwı shárt. Sızıwdı úyreniwdiń basınan-aq qoldı durıs isletiw, jumıs texnikasınıń usılları menen tanısıw hár bir oqıwshınıń qábiletin barǵan sayın rawajlandırıp barıw imkanın beredi. Ádette, texnikalıq kónlikpelerin rawajlandırıw eki jol menen: uzaq dawam etken isti úzliksiz orınlaw barısında hám arnawlı shınıǵıwlar arqalı ámelge asadı. Shınıǵıwlardıń wazıypası bir túr shınıǵıwlardı tákirarlaw menen bilimin asırıw hám olardı úzliksiz rawajlandırıp barıwdan ibarat.

Shınıǵıwlar nátiyjeligin, yaǵnıy bilimlerin tejemli jol menen rawajlandırıwda qoldı durıs isletiw, jumıs texnikasınıń usılları menen tanısıw hár bir oqıwshınıń qábiletin barǵan sayın rawajlandırıp barıw imkanın beredi. Ádette, texnikalıq kónlikpelerin rawajlandırıw eki jol menen: uzaq dawam etken isti úzliksiz orınlaw barısında hám arnawlı shınıǵıwlar arqalı ámelge asadı. Shınıǵıwlardıń wazıypası bir túr shınıǵıwlardı tákirarlaw menen bilimin asırıw hám olardı úzliksiz rawajlandırıp barıwdan ibarat. Shınıǵıwlar nátiyjeligin, yaǵnıy bilimlerin tejemli jol menen rawajlandırıwdıń eń kerekli shárti shınıǵıwlardı úzliksiz ótkiziw hám kem-kemnen quramalastırıp barıwdan ibarat.

Naǵısshılıqta tábiyat hám ondaǵı hár bir nárse belgili bir reńge iye boladı. Ámeliy bezew islerinde naǵıs salıwdı reńnen ajıratıp úyreniwdi kóz aldımızǵa keltiriw múmkin emes. Sebebi, reń onıń tiykarǵı elementi hám estetikalıq sezim tárbiyanıń eń áhmiyetli quralı bolıp esaplanadı. Kórkem naǵısshılıqta naǵıs elementleri, bezew hám túrli formalar, kompoziciya nızamlarınan tısqarı onı boyawda qollanılatuǵın boyaw túrleri, olardıń ózine tán ózgeshelikleri, reń túsleri, reń kaloriti hám usı sıyaqlılar belgili áhmiyetke iye. Eger de biz xalıq ónerment ustaları tárepinen islengen ámeliy óner úlgilerin baqlasaq, olardıń anaw yaki mınaw reń túsleri tásirine, yaǵnıy reń koloritine boysındırılǵanın kóremiz. Soǵan kóre qońır, sarı, aq, jasıl, qızıl hám hawa reńde usıǵan uqsaǵan reńler ortalıǵına jaylasqan naǵıs kompoziciyaları jaratıladı. Kórkem naǵıs sızıwda reńlerden paydalanıwda, onıń kompoziciyalıq dúzilisine itibar beremiz, sonıń menen birge paydalanılatuǵın ornın esapqa alamız, yaǵnıy bezeletuǵın predmet, qay jerlerde paydalanılıwı, ne xızmet atqaratuǵınlıǵı tamashagóylerde qanday tásir qaldırıwına baylanıslı boladı.

Hár bir buyım qanday da bir maqset ushın paydalanıladı, sonıń ushın buyımǵa kórkem bezew bergenimizde sol maqset kózde tutıladı. Mısalı, jaydıń ishin, mekemelerdiń ishin boyaǵanda ashıq reńlerden kóbirek paydalanıladı, al kóshe transportlarınıń háreketi ushın tayarlanatuǵın belgilerdiń uzaqtan kóriniwi maqsetinde kóbirek qoyıw reńler (toyǵın reńler) isletiledi. Hár qanday sharayatta jumıs islew waqtında birinshi náwbette reńniń jaqtılıq dárejesi kúshli, yaǵnıy naǵısshılıq óneriniń termini menen aytqanda (tonı) esapqa alınadı. Eger biz axromatik reńlerde (aq, qara, kúl reń) qarama-qarsı reń aralaspalarınan paydalanatuǵın bolsaq, tiykarınan aq hám qara reńnen paydalanamız.

Axromatik reńler, xromatik reńler menen aralastırǵanda qarama-qarsı hám qarsı bolmaǵan reńlerdi payda etiw múmkin. Kontrast, qarama-qarsılıqtı páseytiw maqsetinde aq reń menen qızıl, sarı, jasıl, kók hám t.b reńler aralastırılıp, ortasha ashıq qızıl, ashıq jasıl hám t.b reńlerden paydalanıw múmkin. Demek, usınday reńler aralaspalarınan naǵıs salıwda óz ornında durıs paydalanıwımız arqalı joqarı nátiyjelerge erisiledi. Sonday-aq, reńlerdi naǵıs kompoziciyalarına jaylastırıwda, naǵısshılıqtıń nızam hám qaǵıydalarına boysındırılıwı kerek. Mısalı, naǵıs salıwda simmetriyalı kompoziciyalardı boyawda reńler de simmetriyalı toshkalarda, sızıqlarda yamasa maydanlarda jaylasıwı kerek, yamasa ritmlilik qaǵıydasına muwapıq, belgili bir reń ritmdi maqullaǵan halda qaytalanıp turıwı múmkin. Álbette, bul oqıwshılardıń reńdi tanıwına, saylap alıwına úlken tásirin tiygizedi. Bunnan basqa reńler spektri, kolorit haqqında túsiniklerdi naǵıs salıwdı úyretiw barısında ózlestirip aladı.

Naǵıs kompoziciyasında kontrast reńlerden paydalanǵan menen, ulıwma belgili bir reńniń yamasa reńlerdiń basım bolıwın kóremiz. Bul kórkem naǵısshılıqtıń termini menen ataǵanda «kolorit» dep ataladı. Mısalı, geypara naǵıslar qızǵısh boladı, taǵı basqalar jasıl, al úshinshileri kókshil bolıwı múmkin hám t.b. Kórkem naǵısshılıqta da akvarel hám maylı boyawlardan keń kólemde paydalanıladı. Bul bolsa óz náwbetinde talabalardan reńlerdi túsiniw barısında da kerekli bilim hám ámeliy bilimlerge iye bolıwı kerekligin kózde tutadı. Tayar naǵıs úlgilerin boyawda bir reńniń bir neshe túsleri qollanıladı.

Akvarel boyawları menen qaǵazǵa islengen naǵıslarǵa reń beriw barısında bolsa, suw reń túsin ashıqlastırıwshı qural sıpatında úlken áhmiyetke iye. Sonı este saqlawımız kerek, ayırım boyawlardı bir-biri menen aralastırıwda bazı bir zárúr jaǵdaylardı kóremiz. Sebebi, toq reń túsine iye bolǵan boyaw quramına basqa reń aralastırılsa, onıń túsi de toyǵınlasadı. Bul, óz náwbetinde reń túsin tınıqlıq dárejesine tásir kórsetedi. Ásirese, maylı boyawlarda islengen naǵıslardıń túsleri keyin ala toqlasıp, qarayıp ketedi. Eger de naǵıslar uzaq waqıt saqlaw ushın arnalǵan bolsa, olardı ilajı barınsha ashıq reń túslerinde boyaw usınıs etiledi. Naǵıs sırtına ilajı barınsha quyash nurı túspeytuǵın bolıwı lazım. Sonday-aq, ıǵal hawa suw tiyiwi de naǵıstıń uzaq múddetke saqlanıwı ushın úlken tosıq bolıwı múmkin.

Ulıwma alǵanda, kórkem naǵısshılıqta mine usı jaǵdaylardı esapqa alıw kerek. Kórkem naǵısshılıqta tómendegi reńler hám olardıń túslerinen keń paydalanıladı. Kók reń hám olardıń túsleri (ashıq kók, kók, toyǵın kók, ashıq hawa reń, hawa reń, toyǵın hawa reń). Sarı reńler hám olardıń túsleri (ashıq sarı, sarı, toq sarı, sarǵish, limon sarı, kadmiyli sarı). Qızıl reńler hám olardıń túsleri (ashıq qızıl, qızıl, toq qızıl, ashıq hám toyǵın qırmızı, qırmızı reń). Jasıl

reń hám olardıń túsleri (ashıq hám toq jasıl, jasıl, sarǵısh jasıl, kógis jasıl). Qońır reń hám olardıń túsleri (ashıq hám toq qońır reń, qońır reń, qızǵısh hám sarǵısh qońır reń, qaraltım qońır reń hám basqalar). Qara reń hám olardıń túsleri (ashıq hám toq qara, qara, ashıq hám toq kúl reń, kúl reń hám usı uqsaǵan reńler).

Kórkem naǵıs salıw shınıǵıwların tabıslı alıp barıw oqıwshılarǵa boyaw usılların durıs túsindirip, reńler menen shınıǵıwlar islew uqıplılıqların bekkemlewge, reńlerdi durıs tańlay alıwǵa, oqıw hám kórgizbeli qurallardan nátiyjeli hám durıs paydalanıwǵa baylanıslı boladı. Joqarıda kórsetip ótilgen reńler hám olardıń túsleri kóbinese kórkem naǵıs koloritin belgilewde joqarı orında turadı. Soǵan qarap reń ortalıǵı belgili bir anıq reń túsi koloritine boysındırıladı. Mısalı, qońır reń, hawa reń, sarǵısh yamasa qızǵısh reńler ortalıǵında islengen naǵıs kompoziciyaları usılar qatarına kiredi.

Naǵıs salıwǵa úyretiw barısında oqıwshılar reńlerden paydalanıwǵa tek ǵana olardıń aralaspaları, reńler haqqındaǵı maǵlıwmatlar hám nızamlıqlar menen tanısıp qoymastan, al naǵıs salıw shınıǵıwlarında estetikalıq zawıq aladı.

Naǵısshılıq kórkem óneri endi dekorativ funkciyanı orınlap qalmastan, balkim sonıń menen birge, insanlardıń ideyalıq hám filosofiyalıq túsiniklerin de kórine basladı. Xalıq naǵısshılıq ónerin úyreniw oqıwshılarda kórkem fantaziyasın, miynet súyiwshilikti rawajlandırıwǵa hám bilim, kónlikpe hám de uqıplılıqların qáliplestiriwge xızmet qıladı. Olardıń qızıǵıwshılıqların anıqlaw hám dóretiwshilik qábiliyetlerin arttırıwǵa járdem beredi.

Demek, keleshek áwladtı kórkem óner sezimtallıǵı jaǵınan bay, óziniń pikirin erkin ayta alatuǵın, bilimli, miynet súygish etip tárbiyalawda naǵısshılıq óneriniń áhmiyeti júdá úlken. Naǵısshılıq shınıǵıwlarında kórkem bilimlerden basqa jáne miynet kónlikpesin rawajlandıradı, olarda baqlawshiliq, kóz aldıńa keltiriw, eslew, shamalaw hám oylaw usaǵan sıpatları da jetilisedi. Olardıń kórkem-estetikaliq sezimtallıǵı dóretiwshilik, iskerlik uqıplılıǵı rawajlanıp baradı. Insannıń mánawiyati barlıq waqıtta óner jemislerine zárúrlik sezedi. Solay eken, ónersiz jasap bolmaydı. Naǵısshılıq óneri xalıq ámeliy ónerinde tiykarǵı orındı iyeleydi. Ámeliy ónerdiń basqa túrleri sıyaqlı kórkem naǵısshılıq hám aǵash oymashılıq shınıǵıwları da talabalardıń estetikalıq hám kórkem sezimin tárbiyalaydı.

**Ádebiyatlar**


1. Allamuratov A. Mángi miyras. –N.: 1993.
2. Allamuratov A. Dúnya mádeniyatı tariyxı. -N.: 1996.
3. Allamuratov A. Karakalpakskaya narodnaya vishıvka. -N.: 1977.
4. Aytjanova A. Mekteplerde miynet sabaǵında qaraqalpaq milliy naǵıslarıń úyretiw. -N.: 1993.
5. Qallıqlıshov Sh., Amanbaev M. Qaraqalpaq milliy naǵısları. –N.: 2011.



**REZYUME**

Maqolada naqqoshlik hunarini oʻrganish va oʻquvchilarning badiiy fantaziyasini, mehnatsevarlikni rivojlantirishga badiiy naqqoshlikda naqsh elementlari, bezak va har xil shakllar, kompoziciya qonunlaridan tashqari uni boʻyashda qoʻllanıladigan boʻyoq turlari, ularnng o’ziga xos xususiyatlari, rang turlari, rang koloriti haqida ma’lumotlar berilgan.

**РЕЗЮМЕ**

Статья исследует ремесло живописи и развивает у учащихся художественное воображение, трудолюбие. Элементы узора изучены в художественной росписи, декорирование украшения и различных форм, кроме законов композиции, видов красок, используемых при ее росписи, их специфических свойств, видов красок, цветового решения.

**SUMMARY**

The article explores the craft of painting and develops students' artistic imagination, industriousness. Pattern elements have been studied in artistic painting, decorating decorations and various forms, except for the laws of composition, types of paints used in its painting, their specific properties, types of paints, color scheme.


## УМУМИЙ ЎРТА ТАЪЛИМ МАКТАБЛАРИ ЎҚУВЧИЛАРИГА МИЛЛИЙ ҲУНАРМАНДЧИЛИКНИ ЎРГАТИШНИНГ ТАРБИЯВИЙ ИМКОНИЯТЛАРИ


**Б.Т.Айтмуратов –** *тадқиқотчи*

*Қорақалпоғистон Республикаси халқ таълими ходимларни қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш ҳудудий маркази*



**Таянч сўзлар:** глобал, узлуксиз таълим, ҳунармандчилик, жараён, метод, хусусият, таълим, тарбия, самарадорлик, кўникма, малака, комбинация, суҳбат, муаммо, даража, санъат, маслаҳат, жамият.

**Ключевые слова:** глобальный, непрерывное образование, ремесленничество, процесс, метод, качество, образование, воспитание, результативность, навык, квалификация, комбинация, беседа, проблема, степень, искусство, совет, общество.

**Key words:** global, lifelong education, handicraft, process, method, quality, education, upbringing, performance, qualification, qualification, combination, conversation, problem, degree, art, advice, society.


Қадимда ота-оналар фарзандларига ҳунар ўргатаётган устозни ҳурмат қилганлар. Ота-оналар ва устозлар ўртасида муносабат маданияти ўзига хос хусусиятга эга бўлган. Ота-онанинг муносабатида унга меҳр ва мурувват кўрсатиш, устознинг фарзандига берган танбеҳини тўғри тушуниш, фарзандининг ҳунар ўрганиши учун керакли нарсаларни етказиб бериш, устозни рози қилиш каби фазилатлар фарзанд тарбиясида муҳим омиллардан ҳисобланган. Шунингдек, устознинг ота-онага нисбатан ўзига хос муносабат мезони бўлган. Устоз шогирдига ҳунар ўргатиш борасида зиммасига олган масъулиятли вазифасини бажариш, ўз ваъдасининг устидан чиқиш ота-онага фарзандининг қобилияти, хулқ-одоби тўғрисида очиқ-ойдин гапириши каби ўзига хос миллийлик хусусиятлари, тарбиявий имкониятлари, устоз-шогирд анъаналари, улар ўртасидаги одоб-ахлоқ мезони, маданияти ёш авлодни миллий ҳунармандчилик касбларига меҳр-муҳаббат руҳида тарбиялашда муҳим аҳамият касб этади.

Таъкидлаш жоизки, ўзбек, қорақалпоқ хонадонларида фарзанд тарбиясининг асоси оиладан бошланади. Ота-онанинг жамиятда қандай касбга эгалиги, маҳалладаги обрў-эътибори тарбиянинг муҳим омили сифатида фарзандларининг дунёқараши, тарбияси ва хулқ-атворига катта таъсир кўрсатади. Демак, ўқувчиларда касбга бўлган қизиқишни шакллантириш омилларидан бири – бу оила ҳисобланади.

Кўп ҳолларда фарзанднинг миллий ҳунармандчилик касбларига бўлган қизиқиши ўз оиласида ота-боболари, қариндош-уруғлари, яъни ўзидан катталарга тақлид қилиш асосида шаклланади. Жамиятда комил инсонни шакллантириш, тарбиялаш ҳозирги замон оиласининг муҳим вазифаси даражасига киради. Чунки шахснинг бирон-бир ҳунар ёки касбга бўлган қизиқиши, энг аввало, оилада шаклланади. Оиладаги тарбия орқали шахсга маълум бир сиёсий-ғоявий дунёқараш, ахлоқий фазилаталар, хулқ намуналари, жисмоний сифатлар сингдирилади. Оилада амалга ошириладиган бу жараён натижалари шахс ижтимоий меъёрлар ва қадриятларни, пировард натижада, ўзлаштиради, ижтимоий ҳаётга кириб боради.